Damaa wax: "yaw Yonnente Yàlla bi, ana lan mooy musale? Mu ne ma "tëyéel sa làmmiñ, te na la sa kër doy, te nga jooy say ñuumte

Jële nañu ci Huqbata ibn Aamir yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Damaa wax: "yaw Yonnente Yàlla bi, ana lan mooy musale? Mu ne ma "tëyéel sa làmmiñ, te na la sa kër doy, te nga jooy say ñuumte".

[Wér na] [At-tirmisiy soloo na ko, ak Ahmat]

Huqbata ibn Aamir yal na ko Yàlla dollee gërëm dafa laaj Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc sabab yiy musal aji-gëm ji ci àdduna ak allaaxira? Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ne ko: dénk naa la ñatti bir: Bi ci njëkk: sàmmal sa làmmeñ ci lu amul yiw, ak ci wépp ay, te bul wax lu dul aw yiw. Ñaareel bi: nanga taqoo ak sa kër ngir jaamu Yàlla ca wéetaay ya, te nga soxlawoo topp Yàlla mu màgg mi, te nga beru ci sa kër wolif fitna yi. Ñatteel bi: jooyal te réccu te tuub li nga def ci ay bàkkaar.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/3602